



Pou Piblikasyon Imedya: 12/17/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE FINANSMAN NAN TOUT ETA NEW YORK LA POU SIS PWOGRAM FÈM KONEKTE AK LEKÒL

*Finansman pou Nouvo Pwogram yo ki Fèk Parèt pral Ogmante nan Lekòl yo
Itilizasyon Bon Jan Manje ki Soti nan Kominote a*

*Ranfòse Koneksyon ant Lekòl Distri yo ak Fèm Lokal yo pou fè Ekonomi Agrikòl
la vin pi Gwo*

Jodia, Gouvènè Andrew M. Cuomo te deklare ke yo te bay finansman nan tout Eta New York la pou sis pwogram Fèm konekte ak Lekòl dekwa pou ogmante itilizasyon bon jan manje ki pwodwi lokalman nan meni lekòl yo. Pwogram yo pral itil elèv ki nan klas anvan jadendanfan rive nan 12^{yèm} ane, li pral opere nan toulede distri e atravè anpil patnè nan edikasyon, ki gen ladan: Lekòl Distri Vil Buffalo; Asosyasyon Ekstansyon Kooperativ Eta New York Konte Schoharie ak Otsego yo; Lekòl Distri Konte Rensselaer; Lekòl Distri Saranac Lake Central; Ekstansyon Kooperativ Cornell Konte Seneca; ak Komite Konsèy Sèvis Pedagojik Kooperativ Broome-Delaware-Tioga.

“Lè yo aprann gen abitud manje manje ki nourisan kounyea, li pral itil timoun nou yo tout vi yo,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Inisyativ Fèm konekte ak Lekòl la ankouraje nou pou reflechi sou sa nou manje epi fè nou fè pi bon chwa depi se ta va pou nitrisyon. Nan menm moman an pwogram sa edike jenès nou, fè pwomosyon pou manje ki fèt lokalman epi li ranfòse koneksyon ant fèm ak lekòl yo toupatou nan Eta a.”

Pwogram Fèm a Lekòl la vize pou devlope ak ranfòse koneksyon ant fèm ak lekòl yo pou ede devlope ekonomi agrikòl la epi ogmante kantite ak varyete rekòlt spesyalite ke lekòl yo achte pou opsyon manje ki pi bon kalite. Yo pral itilize finansman ki soti nan pwogram Fèm konekte ak Lekòl la pou fòme anplwaye nan lekòl yo pou prepare epi achte manje, pran kontak ak pwodiktè yo, edike elèv yo epi achte ekipman pou asiste transpò, estoraj ak preparasyon manje.

Eta New York la pwodwi yon gran varyete danre espesyal tankou fwi ak legim, fwi seche, zèb ak zepis, ki pran pi gwo lo nan tout nasyon an nan zafè pwodiksyon ak zafè valè ekonomik.

Yon lòt bi pwogram nan se yon eleman pedagojik kote yo ogmante konesans epi preferans elèv la pou danre espesyal ki pwodwi lokalman.

Pwojè yo ki fèt toupatou nan Eta a enkli:

Lwès New York

Distri Lekòl Vil Buffalo: Pwojè Pilòt NYS pou Rekòlt Mwa a nan Lekòl Piblik Buffalo, \$43,260

Yo pral itilize finansman yo pou yo tabli sou yon sibvansyon USDA ki te la deja lè yo anplwaye yon Koòdinatè pou pwogram Fèm konekte ak Lekòl la pou elaji travay pwogram ki rele 'Harvest of the Month' lan, ki itilize chak mwa nouvo bagay nan meni nan sè ak danre espesyal yo.

Mohawk Valley

Asosyasyon Ekstansyon Kooperativ Eta New York- Konte Schoharie ak Otsego yo: Pwojè Fèm konekte ak Lekòl Schoharie Valley, \$60,800

Yo pral itilize finansman yo pou ogmante kantite pwodikti danre espesyal kap vann lekòl yo nan anplwaye yon Koòdinatè Rejyonal pou pwogram Fèm konekte ak Lekòl lan pou fòme anplwaye nan sèvis alimantè sou kijan pou ajoute pwodwi lokal ki fre nan meni an.

Capital Region

Konte Rensselaer: Pwojè Fèm konekte ak Lekòl Konte Rensselaer, \$61,889

Yo pral itilize finansman yo pou anplwaye yon Edikatè nan pwogram Fèm konekte ak Lekòl la pou pran kontak ak kiltivatè yo epi fòme anplwaye nan sèvis alimantè nan de distri sou kijan pou achte danre espesyal ki pwodwi lokalman epi kijan pou prepare yo pou pwogram manje lekòl yo.

North Country

Lekòl Distri Saranac Lake Central: Inisyativ Multi-County Adirondack pou Pwogram Fèm konekte ak Lekòl la, \$46,917

Yo pral itilize finansman yo pou tabli sou yon sibvansyon USDA ki te la deja nan mete sou pye yon pwogram nan twa lekòl distri kote resous yo pataje nan itilize acha, jaden lekòl ak eleman kourikoulòm yo. Yon Koòdinatè Rejyonal pwogram Fèm konekte ak Lekòl la pral asire koòdinasyon, reyalizasyon ak konsyantizasyon pou pwojè a.

Finger Lakes

Ekstansyon Kooperativ Cornell nan Konte Seneca: Pwogram Fèm konekte ak Lekòl Konte Seneca, \$36,179

Yo pral itilize finansman yo pou kreye patenarya ak kat lekòl distri nan Konte Seneca epi anplwaye yon Edikatè pou pwogram Fèm konekte ak Lekòl la pou ogmante kantite pwodikti NY ki vann lekòl yo de sis a douz, pou achte ekipman pou ede anplwaye sèvis alimantè nan prepare fwi ak legim epi bay kiltivatè yo sètifika pou Bon Jan Praktik Agrikòl (GAP).

Southern Tier

Komite Konsèy Sèvis Pedagojik Broome-Delaware-Tioga: Pwojè Fèm konekte ak Lekòl Southern Tier, \$74,970

Yo pral itilize finansman yo pou anplwaye yon Koòdinatè ak yon Konsiltan pou pwogram Fèm konekte ak Lekòl la pou fòme anplwaye sèvis alimantè, achte ekipman espesyalize pou transpòte danre espesyalize epi rekrute fèm, sant alimantè ak transfòmasyon alimantè nan yon rejyon ki gen sis konte.

Depatman Agrikilti ak Komès Eta New York, ki dirije pwogram nan, resevwa 20 pwopozisyon pou pwogram Fèm konekte ak Lekòl la. Yo te atribye pwojè yo sou yon baz pwèn ki kadre ak objektif pwogram yo.

Pwogram sibvansyon sa kote Fèm konekte ak Lekòl te anonse anpremye kòm yon rezilta pwogram ki rele Kapital pandan yon Jou Gouvènè Cuomo te fè nan Rochester. Komisyone yo ki te soti nan Depatman Agrikilti ak Mache, Sante ak Biwo Sèvis Jeneral te rejwenn lidè yo nan New York Apple Association, Farm Fresh First, Empire Potato Growers ak New York State Vegetable Growers Association, Brockport School District ak Sèvis Sipò Lekòl Vil New York, pou diskite sou ogmantasyon akizisyon pwodui manje Eta New York yo nan plis pase 700 lekòl nan New York. Diskisyon an te pote sou sistèm livrezon pwodiktè yo ak pwosesis acha ak bezwen distri lekòl yo, ak fason pou rann li pi fasil pou mennen toulède ansanm.

Komisyone Agrikilti nan Eta New York la Richard A. Ball te deklare, “Pwojè yo ki atribye jodia pral ede venk kèk nan defi lekòl yo ap rankontre nan apwovizyonman pou pwodwi lokalman epi li pral rann li pi fasil pou yo pou ogmante itilizasyon manje New York yo ki grandi dirèkteman sou fèm. Sa ki ankouraje nou se kokennchenn repons aplikan yo te genyen epi enterè anplis sa ki genyen pou asire timoun lekòl nou yo jwenn aksè a manje ki fre epi nourisan, men ositou pou yo konnen epi konprann ki kote manje yo soti.”

Komisyone Sante nan Eta New York la Dr. Howard Zucker te deklare, “Anba Gouvènè Cuomo, New York ap kontinye ranfòse lyen ant fèm ak lekòl yo nan New York. Se yon relasyon tèt ansanm ki benefisye ekonomi agrikòl lokal nou epi ki asire ke timoun lekòl nou yo jwenn nan sous lokal yo manje ki rich ak bagay nitritif yo bezwen. Bon jan nitrisyon rete yon potomitan nan sante ak byennèt.”

Komisyone Biwo Sèvis Jeneral nan Eta New York la, RoAnn M. Destito, te deklare, “Pwogram pou konekte Fèm ak Lekòl la pral ede timoun nou yo aprann jwi fwi ak legim ki fre tankou yon pati nan manje ak goute yo. OGS te deja ede pote pou elèv yo yon kantite pwodwi ki grandi lokalman epi kè li kontan anpil ke pwogram sa Gouvènè Cuomo te kòmanse pral ranfòse jefò sa.”

Senatè Eta a Patty Ritchie te deklare, “Lè nou genyen nan lekòl nou yo plis manje fre ki grandi lokalman, non sèlman nou amelyore sante elèv yo, men ositou nou elaji mache yo pou kiltivatè eta nou yo kap travay anpil. Inisyativ sa tabli sou travay nou fè anvan sa kote nou konekte pi byen kiltivatè yo ak moun kap chèche manje bagay ki nitritif e ki grandi lokalman epi sa fèm plezi pou mwen wè lekòl sa yo resevwa

finansman ki pral ankouraje yo mete plis manje nitritif nan kafeterya yo.”

Depite Bill Magee te deklare, “Mwen menm ak kòlèg depite mwen yo, soti nan Vil New York rive nan Pati Nò Peyi a, depi lontan nou tap bay pwogram Fèm konekte ak Lekòl la sipò. Semèn pase, Komisyon nou yo sou Agrikilti, Edikasyon epi Gwoup Travay nou sou Manje, Fèm ak Règleman Nitrisyon te patwone yon rankont pou diskite jefò yo pou ogmante acha manje New York yo. Sibvansyon sa yo se yon gran kòmansman epi mwen pa kapab tann pou elèv nou yo jwenn aksè a plis fwi, legim, pwodwi letye ak vyann lokal e nitritif.”

W. Averell H. Bauder, Direktè Egzekitif Ekstansyon Kooperativ Cornell nan Konte Seneca te deklare, “Kè nou tresayi difèt yo te chwazi Ekstansyon Kooperativ Cornell nan Konte Seneca pou koòdone pwojè sa ki pral pote plis manje fre epi lokal nan chak lekòl nan konte nou. Nan koneksyon nou avèk pwodiktè agrikòl yo, dènye moun nan rechèch sou nitrisyon lekòl nan Cornell, avèk eksperyans devlopman jenès nou atravè 4-H epi bon jan relasyon travay ak lekòl distri nou yo, CCE nan yon pozisyon inik pou asosye ak kafeterya lekòl yo pou ogmante konsomasyon fwi ak legim fre ki grandi lokalman dekwa pou amelyore dyèt elèv yo nan Konte Seneca epi ede yo devlope abitud manje ki nourisan. Nou remèsye Depatman Agrikilti ak Komès nan Eta New York la difèt yo wè valè yon pwogram konsa epi kè nou kontan anpil pou nou kòmanse.”

Chris Meyer, Adjwen Egzekitif Konte Rensselaer te deklare, “Finansman sa pral ede louvri nouvo mache pou fèm lokal nou yo epi lap bay lekòl lokal nou yo pwodwi nitritif epi san danje, ki anverite se yon avantaj pou tout moun. Mwen vle bat bravo pou Depatman Agrikilti ak Komès Eta New York difèt li rekonèt enpòtans pwogram sa epi mwen konplimante tout patnè yo ki bay sipò pou bagay sa fèt.”

Mark Bordeau, Direktè Prensipal Sèvis Alimantè nan Broome-Tioga BOCES te deklare, “Broome-Tioga BOCES ak tout patnè nou yo ki enkli Food and Health Network, Food Bank of the Southern Tier, ak Ekstansyon Kooperativ Cornell trè chofe pou sibvansyon sa ki pral bay pou eksplòre epi elaji jefò nou yo pou bay pwodwi agrikilti Eta New York pou elèv nou yo.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418